


Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Pwochen chapit matematik nou an kouvri de (2) eleman fondamantal nan aljèb : *relasyon kwadratik ak relasyon resipwòk*.

Pou nou kòmanse etid nou pral fè sou relasyon kwadratik yo, nou pral fè analiz epi nou pral fè graf ekwasyon ki vini sou fòm $y = ax^2$, kote a reprezante yon chif konstan. Pa egzanp, fòmil pou sifas yon sèk se $S = \pi r^2$. Chif konstan an se π , ki aprepre egal a 3,14. Lè yo jete yon objè, distans kote objè a tonbe a kwadratik tou : $d = 4,9t^2$, kote d reprezante distans lan, an mètr epi t reprezante kantite tan an, an segonn. Nan ka sa a, konstan an se 4,9.

Graf nenpòt relasyon kwadratik se yon koube simetrik, ki gen fòm yon U epi ki rele yon *parabòl*. Pou relasyon kwadratik ki pi konplèks, tankou mouvman yon objè yon moun voye anlè oubyen tire anlè, ekwasyon yo pran fòm $y = ax^2 + bx + c$.



Nou pral etidye relasyon resipwòk tou, kote pwodwi de (2) kantite toujou parèy. Pa egzanp, sipoze ou gen 20\$ pou peye yon moun ki fè gadri timoun : kantite èdtan sèvis ou an mezi pou w peye moun ki fè gadri timoun nan depann de to (tarif) la. Si w peye 2\$ pa èdtan, ou an mezi pou w peye pou 10 èdtan ; si w peye 8\$, ou an mezi pou w peye pou 2,5 èdtan sèlman.

Pou nou fini chapit la, nou pral fè konjekt ki epi nou pral pwouve *konjekt*. Yon konjekt se yon estimasyon yo poko pwouve ki kòrèk. Konnen kijan pou fè ak kijan pou pwouve konjekt se yon teknik ki gen anpil valè epi se yon teknik elèv ap ka itilize nan matematik epi lòt kote nan lavi yo.

Vokabilè Nan pwochen leson yo, nap aprann plizyè nouvo tèm vokabilè sa yo :

konjekt

ekwasyon kibik

ipèbòl

envèsman pwopòsyonèl

varyasyon resipwòk

parabòl

ekwasyon kwadratik

ekspresyon kwadratik

relasyon resipwòk

somè

Kisa w ka fè lakay ?

Ankouraje elèv ou an idantifye relasyon resipwòk nan lavi toulejou li tankou relasyon resipwòk ki dekri anlè a. Itilize relasyon sa yo pou rezoud pwoblèm ki gen rapò ak lavi elèv ou an.

